# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# यीशु बारह सहायकन के चुनलें

लेखक: Edward Hughes
अनुवादकः सुरेश मसीह
ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus
अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S.

कहानी 39 से 60

**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*

अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

Bhojpuri

यीशु बहुत ढ़ेर अद्भुत काम कइलन। उ रोगीन के चंगाइ दिहलन, परेशान लोगन के दिल अउर दिमाग में शांति दिहलन, अउर उनके परमेश्वर क वचन सिखवलन।



1

भीड़ क भीड़ सहायता अउर चंगाई खातिर यीशु की पास आवल करे।



2


उ, उनकी कई अनुयायीयन में से बारह गो पुरुषन के चुनला क फैसला कइलन कि उ सब परमेश्वर की काम में उनकर मदद कर सकें।
3
यदि आपके महत्वपूर्ण निर्णय लेबे के होखी तब आप, का परमेश्वर से प्रार्थना करबअ? यीशु अइसन कइलें! एगो शांत पहाड़ी जगह पर उ अपनी स्वर्गीय पिता से सूरज डूबला तक बात कइलन; यीशु प्रार्थना कइलन।
4
यीशु, पूरा अन्हरिया रात में रात भर प्रार्थना कइलन।
5
सुबह में, यीशु अपनी सब अनुयायीयन के बोलवलन - उहे सब दोस्त लोग जे उनकर सेवा करत रहलें अउर उनकर बात मानत रहलें।
6
उन्हनी में से उ बारह लोगन के विशेष सहायक, या प्रेरित होवे खातिर चुन लिहलन।
7
यीशु जिन के चुनलें उनमे से पहला, शमौन पतरस अउर अन्द्रियास दूनो भाई रहलें। जब यीशु पहिले उन्हनी के अपनी पीछे होखे के (अनुसरण करे के) कहलन तब उ आपन मछरी पकड़े क काम छोड़ दिहलें।
8


याकूब अउर यूहन्ना, जब्दी के बेटा भी, आपन मछरी पकड़े वाला जाल के छोड़ दिहलें।
9


यीशु फिलेप्पुस अउर बरतुलमै, अउर मत्ती अउर थोमा अउर हलफई क बेटा याकूब अउर शमौन जेवन जेलोतेस कहलावे नअ। अउर याकूब के बेटा यहूदा अउर यहूदा इसकिरयोती, जेवन बाद में उनके पकड़वावे वाला बनल, के भी चुनलें।
10


यीशु मसीह इहो सिखवलन, कि जेवन उ सिखावे लें ओकर पालन कईल मतलब एगो ठोस नेव पर घर निर्माण की तरह हअ। भयंकर तूफान भी ओ घर के नष्ट ना कर सकेला।
11


लेकिन, 'यीशु मसीह की वचन क पालन ना कइल, एगो रेतीला नेव पर घर की निर्माण की तरह हअ। जब तूफान आयी, तब उ घर गिर जायी।
12


'यीशु मसीह क कुछ आज्ञा आसान ना रहे। "उ सिखवलन," यदि केहु आपकी दाहिने गाल पर थप्पड़ मारे, तब तू आपन बाया गाल भी दे दी हअ। "अपनी दुश्मन के भी प्यार करअ।" लोगन के यीशु मसीह की तरह जीये खातिर परमेश्वर की मदद क सख्त जरूरत हअ।
13


यीशु लोगन के गुप्त में प्रार्थना करे के सिखवलन - जइसे कुछ धार्मिक नेता लोग करें ले, वइसे लोगन की सामने प्रार्थना देखावे खातिर के ना करे के चाँही।
14













यीशु बारह सहायकन के चुनलें

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती ४-७, मरकुस 1, लूका 6

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा
जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा
यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के
पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक
गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ
बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी
खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउअ
ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि
हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह
सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह
रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !